**दिन—शुक्रवार** **दिनांक—23.01.2026**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

———————————————————————————————————

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार समृद्धि यात्रा के दरमियान आइ मुजफ्फरपुर जिला मे आठ सय तिरपन करोड़ टाकाक लागतिवला विभिन्न विकास परियोजना सभक शिलान्यास आ उद्घाटन कयलनि। एहि दरमियान मुख्यमंत्री एक सय चौरानवे करोड़ टाकाक लागतिवला नवासी योजना सभक शिलान्यास आ दू सय बारह करोड़ टाकाक लागतिवला सैंतालीस योजना सभक उद्घाटन कयलनि। एहि अवसर पर आयोजित सभा के संबोधित करैत मुख्यमंत्री लालू परिवार पर निशाना साधैत कहलनि जे पहिने जे व्यवस्था छल ओकरा व्यवस्थित करबाक लेल ओ लगातार काज कऽ रहल छथि। ओ आरोप लागौलनि जे राजदक शासनकाल मे महिला लोकनिक विकासक लेल किछु नहि कयल गेल छल। कार्यक्रम मे उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आ विजय कुमार सिन्हा सहित स्थानीय सांसद आ कतेको गणमान्य लोकनि उपस्थित छलाह। समृद्धि यात्राक दोसर चरण सत्ताईस जनवरी सँ शुरू होयत।

————————————————

केन्द्रीय इलेक्ट्रॉनिकी आ सूचना प्रौद्योगिकी मंत्री अश्विनी वैष्णव कहलनि अछि जे भारत अगिला ढेड़ साल मे अपन मोबाइल ब्रांड लॉच करत। श्री वैष्णव दावोस मे विश्व आर्थिक मंचक बैसक के दरमियान ई जनतब देलनि। ओ कहलनि जे भारत मे एक मजगूत इलेक्ट्रॉनिक इको सिस्टम अछि आ आब मोबाईल फोनक क्षेत्र मे अपन ब्रांड आनबाक समय आबि गेल अछि।

————————————————

केन्द्र सरकार सार्वजनिक क्षेत्रक सामान्य बीमा कंपनी आ नाबार्डक वेतन संशोधनक स्वीकृति दऽ देलक अछि। भारतीय रिजर्व बैंक आ नाबार्डक सेवानिवृत कर्मचारी लोकनिक पेंशन मे सेहो संशोधनक मंजूरी देल गेल अछि। वित्त मंत्रालयक अनुसार एहि उपाय सँ लगभग छियालीस हजार सँ बेसी कर्मचारी आ तेईस हजार सँ बेसी पेंशनभोगी लोकनि के

लाभ भेटत। सामान्य बीमा कंपनी सभक कर्मचारी लोकनिक वेतन मे संशोधन पहिल अगस्त दू हजार बाईस सँ प्रभावी होयत।

———————————————————

राज्य सरकार डायल एक सय बारह के चालक लोकनिक सेवा अवधि एक वर्ष के लेल बढ़ा देलक अछि। एकर संगहि हुनक मानदेय सेहो पचीस हजार टाका सँ बढ़ा कऽ तीस हजार टाका प्रति मास कऽ देलक अछि। उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी जनौलनि जे डायल एक सय बारह के चालक लोकनि के चारि हजार टाका वार्षिक वर्दी भत्ता सेहो देल जायत।

———————————————————

केन्द्र सरकारक दिस सँ नेता प्रतिपक्ष तेजस्वी यादवक सुरक्षा श्रेणी कम करबा पर राजनीति तेज भऽ गेल अछि। राजदक प्रवक्ता शक्ति यादव एकरा बदला के भावना सँ प्रेरित जनबैत कहलनि जे मोदी सरकार विपक्षी नेता लोकनिक संग पक्षपात कऽ रहल अछि। एम्हर भाजपा नेता आ राज्यक पथ निर्माण मंत्री दिलीप जायसवाल राजदक बयान पर पलटवार करैत कहलनि पार्टी राजनीतिक कारण सँ एहि मुद्दा पर तूल दऽ रहल अछि।

———————————————————

छत्तीसगढ़ के इस्पात फैक्ट्री मे भेल दुर्घटना मे पांच मजदूरक भेल मृत्यु पर मुख्यमंत्री नीतीश कुमार अपन शोक संवेदना व्यक्त कयलनि अछि। मुख्यमंत्री मृतक के आश्रित लोकनि के दू–दू लाख टाका आ घायल लोकनि के पचास–पचास हजार टाका अनुग्रह अनुदान देबाक निर्देश देलनि अछि। एम्हर गयाजी के सांसद आ केन्द्रीय मंत्री जीतनराम मांझी कहलनि अछि जे छत्तीसगढ सरकार एहि संबंध मे बिहार सरकार के पूरा सहयोग उपलब्ध करा रहल अछि।

———————————————————

वसंत पंचमी के पावनि आइ देश भरि मे श्रद्धा आ उत्साहक संग मनाओल जा रहल अछि। माघ शुक्ल पंचमी के ई दिन ज्ञान, विवेक, कला आ संगीतक देवी सरस्वतीक उपासना कयल जायत अछि एकरा श्री पंचमी सेहो कहल जायत अछि। एहि अवसर पर बच्चा सभक विद्यारंभ करबाक सेहो परंपरा अछि। सरस्वती पूजाक अवसर पर प्रदेश भरि मे कतेको आयोजन कयल जा रहल अछि। विभिन्न जिला सभ सँ हमर संवाददाता जनौलनि जे मां सरस्वती के प्रतिमा के स्थापित करैत पंडाल सभ के आकर्षक ढंग सँ सजाओल गेल अछि। एहि दरमियान सुरक्षा के व्यापक प्रबंध कयल गेल अछि। प्रशासन विसर्जन के दरमियान जुलूस निकालब आ डीजे बजेबा पर प्रतिबंध लगा देलक अछि। एकर संगहि, गंगा नदी मे आइ आ काल्हि निजी नाह के परिचालन पर सेहो रोक लगाओल गेल अछि। एहि अवसर पर राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू, प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी, राज्यपाल आरिफ मोहम्मद खां आ मुख्यमंत्री नीतीश कुमार प्रदेशवासी लोकनि के शुभकामना देलनि अछि।

————————————————————

संस्कृति मंत्रालय नेता जी सुभाष चंद्र बोसक एक सय उनतीस जयंतीक उपलक्ष्य मे आइ सँ अंडमान आ निकोबार द्वीप समूह मे पराक्रम दिवस– दू हजार छब्बीसक आयोजन कऽ रहल अछि। राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू, उपराष्ट्रपति सीपी राधा कृष्णन आ प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी सुभाष चंद्र बोसक जयंती पर श्रद्धांजलि अर्पित कयलनि अछि। राज्यपाल आरिफ मोहम्मद खां, मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आ विधानसभा अध्यक्ष डॉक्टर प्रेम कुमार सेहो पराक्रम दिवस पर नेता जी के श्रद्धांजलि अर्पित कयलनि अछि।

————————————————————

पूर्व आईएएस आ बुद्धिस्ट सोशल एक्टिविस्ट बुद्ध शरण हंस के काल्हि निधन भऽ गेलनि। अस्सी वर्षीय बुद्ध शरण हंस अंबेडकर मिशन पत्रिका के संपादक छलाह। हुनका पचास सँ बेसी पुस्तक–पुस्तिका के लेखनक लेल राज्य सरकारक दिस सँ बाबा साहेब अंबेडकर सम्मान सँ सम्मानित कयल गेल छल।

————————————————————

समाप्त